

Si ou kwè yo fè diskriminasyon kont ou ...

RELE, EKRI, OSWA ALE NAN:

PALM BEACH COUNTY Office of Equal Opportunity

215 North Olive Avenue, Suite 130
West Palm Beach, FL 33401

Telefòn : (561) 355-4883

Faks : (561) 355-4932

www.pbcgov.com/equalopportunity

Harry L. Lamb, Jr.
Director



Konsèy Komisè Kawnti-a

Dapre regleman ADA, moun ki bezwen, kapab mande enfòmasyon ki sou papye sa-a sou yon lòt fòm. Kontakte Office of Equal Opportunity, nan (561) 355-4883.

Rev. 07/09

DISKRIMINASYON NAN TRAVAY PA LEGAL



PALM BEACH COUNTY Office of Equal Opportunity (Biwo pou Chans Egal, Palm Beach Kawnti)

215 North Olive Avenue, Suite 130
West Palm Beach, FL 33401
(561) 355-4883

www.pbcgov.com/equalopportunity

Lalwa ...

Lalwa di pa dwe genyen okenn diskriminasyon ki fèt sou kesyon bay travay, bay pwomosyon, revoke, peye, bay avantaj sosyal, bay fomasyon, mete moun nan kategori travay, rekòmandasyon, ni nan okenn lòt sitiyan ki kapab rive nan travay, poutèt ras, koulè, relijyon, si moun nan se fi oswa gason, nan ki peyi-l soti, ki laj li, oswa si-l enfim, idantite ou chwazi pou eksprime si w se fi ou gason.

Lalwa di pèsonn pa gen dwa pini poutèt yon plent li te pote pou diskriminasyon bay Office of Equal Opportunity, oswa paske yon moun te ede oubyen asiste yon lòt moun pou defann dwa travay li.

Ki moun ki kapab pote plent

An jeneral, Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay (Règleman No. 95-31) [Palm Beach County Equal Employment Ordinance (Ordinance No. 95-31)] pwoteje moun ki fè aplikasyon pou jwenn travay avèk preske tout biznis prive, leta, gouvènman lokal, tout kalite lekòl, ajans pou ede moun chèche travay, sendika, ansanm ak moun ki anplwaye nan kote sa-a yo tou. Règleman sa-a aplike pou tout patwon ki genyen 15 anplwaye oubyen pi plis, pandan tan règleman-an sanse kouvri-a. Moun ki fè aplikasyon pou jwenn travay ak Gouvènman ameriken, oubyen ki deja ap travay ladan-l, dwe pote plent pa yo nan ajans EEO yo sanse kontakte-a.

Ki jan pou pote plent

Si-w kwè ou te viktim diskriminasyon dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay ki sot pale pi wo-a, se pou-w telefone, ekri, oswa ale nan Office of Equal Opportunity, nan adrès ki ekri nan ti liv sa-a.

Dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, moun ki pote plent la dwe mete-l sou papyè, epi li dwe sèman sa-l di-a se vre. Plent la pa dwe pran plis pase 180 jou, koumanse konte sou dat dènye diskriminasyon moun nan di ki te fèt la, pou-l rive nan Office of Equal Opportunity.

[Nòt : Ou gen dwa tann pi lontan anvan ou pote plent devan Komisyon Etazini pou Egalite nan Travay (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) (300 jou), oswa Komisyon Florida pou Relasyon Imen (Florida Commission on Human Relations) (365 jou).]

Kote pou pote plent

Si-w kwè ou te viktim diskriminasyon dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, kontakte:



**Palm Beach County
Office of Equal Opportunity**

215 North Olive Avenue, Suite 130
West Palm Beach, Florida 33401

Telefòn : (561) 355-4883

Faks : (561) 355-4932

www.pbcgov.com/equalopportunity